«Йийцаре йина»
методически цхьаьнакхетараллин кхеташонехь.
_____________
Протокол № 1
22 август 2017 шо.

«Барт бина»
директоран дешаран декъехула г1оьнча
_______ Матаева П.М.

«Ч1агІйо»
Гуьмсан урхаллин кІоштан № 7 йолчу юккъерчу ишколан директор
________Магомадова З.Х.
28 август 2017 шо.

# Нохчийн литературин белхан програма

2017-2018 дешаран шо

9-г1а класс (к1иранах 2 сахьт)

Чермыханова Лиза Айсалтановна,
нохчийн меттан, литературин лаккхарчу т1ег1анан хьехархо.

Нохчийн литературин программа караерзорехь кхочушдан лерина жам1аш

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочуьнгахь нохчийн литературехула хила деза личностни жамӀаш:

– нохчийн къоман культуран коьрта мехаллех санна, нохчийн литературах кхетам хилар, дешар тӀехь а, кхетаман, кхоллараллин хьуьнарш, дешархочун гӀиллакх-оьздангаллица йоьзна амалш кхиорехь цо дӀалоцучу меттигах кхеташ хилар;

– нохчийн литература эстетически мехалла санна тӀеэцар; цунах дозалла дар, цуьнан ларам бар; къоман культуран хилам и хиларе терра, нохчийн литературин башхалла а, цӀаналла а ларъян езар;

– къамел дечу хенахь шен ойланаш а, синхаамаш а паргӀат бовзийта а, дешнийн барам а, караберзийна грамматически гӀирсаш тоъъал хилар;

– ша дечу къамелана тидамбеш, ша-шена мах хадо хааран хьуьнар хилар;

– нохчийн литература лакхара исбаьхьаллин кхачамболу, дахаран бакъдерг гойту, юкъара синмехаллаш йовзуьйту, адамашкахь лекхара синъоьздангаллин синхаамаш кхуллуш йолу дуьненахь тоьлла йолу дешан культурин исбаьхьаллин говзарш дешархошна йовзуьйтург литература юй хууш хилар;

– вовшашца а, кхечу къаьмнийн векалшца а юкъаметтигаш дӀакхехьарехь нохчийн литературах пайда эца кийча хилар;

– къаьмнийн культурийн юкъаметтигаш дӀакхехьарехь къинхетаме а, машаре а хилар;

– шен къоман а, РФ-цехь дехачу къаьмнийн а, дуьненаюкъара культура а йовзарехь нохчийн литература мехала гӀирс хиларх кхеташ хилар.

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн литературехула карадерзо деза метапредметни жамӀаш:

– къамелдаран массо а тайпа карадирзина хилар:

– барта а, йозанан а хаам цхьанатайпана тӀеэца безаш хиларх кхетар;

– ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хила езар;

– тайп-тайпанчу хьостанашкара хаамаш схьалаха хааран хьуьнар хилар, шуьйрачу хаамийн г1ирсаш а, дешарна лерина медиаг1ирсаш, Интернетан гӀирсаш юкъа а лоцуш;

– билггалчу темина коьчал схьалаха а, цхьана кепе яло а хаар карадерзор;

– шенна хаам схьалаха а, иза къасто а, цунна анализ ян а хаар;

– хаамийн технологи а, технически гӀирсаш юкъа а лоцуш, йоьшуш я ладугӀуш бевзина хаам хийца а, ларбан а, дӀабовзийта а хаар;

– хиндолучу дешаран декъан гӀуллакхийн (цхьаммо ша а, вукхаьрца цхьаьна а) Ӏалашо билгалъян а, хьалха-тӀаьхьа дийриг билгалдан а, барта а, йозанан а кепехь цхьанатайпанара жамӀийн мах хадо хааран хьуьнар хилар;

– паргӀатчу кепехь барта а, йозанехь а нийса шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;

– шен нийсархошна хьалха доклад ян я цхьа хаамбан хаар;

– карадирзиначу хаарех, шардарех, карадерзорех дахарехь пайда эцар;

– билгалбиначу барамехь яцйина (план, юхасхьайийцар, изложени, конспект) ладоьгӀна я дӀаешна текст юха схьайийца хаар;

– оьрсийн литература Ӏаморехь нохчийн литературах пайда эца хаар;

– литературин башхаллех пайда эца хааар (нохчийн меттан, оьрсийн меттан, кхечу пачхьалкхийн меттанийн, литературан хьехарсахьташкахь).

– тайп-тайпана юкъараллин хьелаш тидаме а оьцуш, къамелдарехь а, дийцаре даршкахь, дискуссешкахь дакъа лаца а, барта а, йозанан а аларш кхолла а хаар.

Коьрта дешаран хьукмат (9 класс) чекхъяьккхинчу дешархочо нохчийн маттехула карадерзо деза предметни жамӀаш:

– нохчийн литература нохчийн къоман, Нохчийн Республикин пачхьалкхан культура, юкъаметтигаш дӀакхехьаран гӀирс санна йовзийтар;

– литературин а, халкъан уьйр хила езар а;

– адаман дахарехь а, юкъараллехь литературо дӀалоцу меттиг йовзийтар;

– личностан кхетаман а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиорехь, йоза-дешар карадерзорехь, ша-шен дешар лакхадаккхарехь литературо дӀалоцучу меттигах кхетар;

– муьлххачу а произведенин чулацам, исбаьхьаллин цхьаалла йовзар, произведенин маь1нех кхетар.

ЛадогӀар а, ешар а

– барта а, йозанан а кепара хаамах цхьатера кхетар (Ӏалашонех, текстан теманех, коьртачу а, тӀебузучу а хаамех);

– тайп-тайпанчу жанрийн, хотӀан тексташ ешаран тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар (хьажаран, йовзаран, Ӏаморан);

– книгаца а, роггӀана арахоьцучу тептаршца а болх баран кепаш а евзаш хилар, ешна текст (план, тезисаш) хаамийн кепара хийца хаар карадерзор;

– паргӀат электронни а, справочни а литературех а, тайп-тайпанчу дошамех а пайда эца хааран хьуьнар хилар;

– тайп-тайпанчу жанрийн, хотӀан тексташ ладогӀарца цхьанатайпана тӀеэцар; ладогӀаран массо а кеп карайирзина хилар (текстан коьртачу чулацамах кхеташ, хаамаш схьахаьржина белахь а);

– къамелан аларш дуста хаар церан чулацамца а, меттан гӀирсех пайда эцарца а, матто кхочушдечу гӀаллакхийн тайп-тайпаналлица а.

Къамелдар а, йоза а:

– билгалбиначу яцъяран барамехь барта а, йозанан кепехь а ешна я ладоьгӀна текст юхаметтахӀотто хаар (юхасхьайийцар, план, тезисаш);

– текст кхолларан норманаш а ларъеш (кхеташ а, хьалха-тӀаьхьа йогӀуш а, йозаелла а, темица йогӀуш а хилар) паргӀат барта а, йозанан а кепехь шен ойланаш йовзийта хьуьнар хилар;

– хезначуьнга, гиначуьнга, ешначуьнга, хьайна гонаха долучу бакъдолучуьнга а, хиламашка болу хьежам цхьанатайпана хилийтар;

– дагалаьцнарг а, тӀекаре яран хьал а тидаме а оьцуш, тайп-тайпанчу кепийн, хотӀан барта а, йозанан а тексташ кхолла хаар;

– хьалха лаьттачу коммуникативни декхаршца йогӀуш, кхетамца литературин гӀирсаш харжарца тайп-тайпанчу жанрийн тексташ (дийцар, хетарг (отзыв), кехат (письмо), расписка, тоьшалла (довереннсоть), заявлени) кхолла хаар;

-цхьаммо дечу (монологан), шиммо дечу (диалоган) къамелан тайп-тайпана кепаш карайирзина хилар;

– шен нийсархошна хьалха боццачу хаамца я доклад ярца къамел дар;

– нохчийн литературин мотт хаар к1аргдар;

– барта а, йозанца а шайн хаарш, ойланаш нийса, к1орггера гучуяха 1амор, барта а, йозанан а къамелан корматалла лакхаяккхар;

– къамелан оьздангалла а ларъеш, тӀекаре ярехь дакъалаца хьуьнар хилар;

– шерра къамел дан хууш хилар, шайн ойланехь дерг йозане дерзо хууш хилар;

– шен къамелана ша-шена терго яр;

– хьалха хӀоттийначу Ӏалашоне кхачар а, литературин исбаьхьаллин гӀирсех пайда эцар а, цуьнан чулацам а тидаме а оьцуш, шен къамелан мах хадон хьуьнар хилар;

– грамматически а, къамелан а гӀалаташ, кхачамбацарш карон а, уьш нисдан а хаар;

– шен тексташ кхачаме ялон а, редактировать ян а хаар;

– нохчийн литературих болу Ӏилманан хаарийн бух караберзор;

– лингвистикин базови кхетамаш караберзор: лингвистика а, цуьнан коьрта дакъош а;

– мотт а, къамел а, тӀекаре яр, барта а, йозанан а къамел; монолог, диалог; тӀекаре яран хьал; маьӀнийн-функциональни къамелан тайпанаш (дийцар, суртхӀоттор, ойлаяр); текст, меттан коьрта цаӀаллаш, церан билгалонаш а, къамелехь пайда эцаран башхаллаш а;

– дешархойн барта къамел кхиор;

– гуламашкахь а, школал арахьа а, адамашна юкъахь къамелаш дан а, докладаш ян а хьуьнар хилар;

– исбаьхьаллин литературин текстана таллам беш, нохчийн меттан эстетически декхарех кхеташ а, къамелан аларан эстетически агIонгахьара мах хадо хаа хьуьнар хилар.

Белхан программин чулацам

Нохчийн халкъан барта кхолларалла

Нохчийн халкъан барта кхолларалла а, цуьнан тайпанаш а (1 сахьт).

Оьрсийн яздархоша а, 1илманчаша а нохчийн барта кхоллараллех лаьцна яздинарг (1 сахьт).

Нохчийн халкъан туьйранаш (1 сахьт).

Нохчийн халкъан шира дийцарш, хабарш, аларш. «К1ирдан б1аьвнаш», «Хьекъал долу зуда», «Ненан б1аьрхиш», «Галанч1ожара 1ам», «Наьрт-аьрстхой», «Молла-Несартан хабарш», «Астаг1 Тимар», «Г1онат-Г1ала», «Мажк1а басе», «Соскан Солсех долу дийцар» дийцарш (2 сахьт).

Нохчийн халкъан эшарш. Нохчийн халкъан кицанаш (1 сахьт).

Нохчийн халкъан х1етал-металш (1 сахьт).

Лирически а, турпалаллин а иллеш. «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Адин Сурхо-халкъан турпалхо. Сурхон нана. Иллин цхьайолу исбаьхьаллин башхаллаш а, т1аьхьара дош а.

«Аьккхийн Жанхотан илли». Иллин чулацам а, д1ах1оттам а. Иллин турпалхой: Мадин Жаьммарза, Жерочун к1ант, Баччин Элмарза, оьрсийн к1ант а, цуьнан нана а, Аьккхийн Жанхот. Илли т1ехь къаьмнийн доттаг1аллин тема. Иллин маь1на (6 сахьт).

Халкъан илланчаш (Нашхара Чийтмаран Зовр, Сулейманов Баудди, Гакашев Мохьмад, Орзимов Денисолт …) (1 сахьт).

Назманаш (1 сахьт).

Нохчийн литература

Йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература а. Нохчийн йозанан историх лаьцна. Йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература а. Исбаьхьаллин литература (4 сахьт).

Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш

Дудаев 1.Д. (2 сахьт).

Дудаев 1абдин дахар а, кхолларалла а. «Стоьмийн беш», «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» стихотворенеш

Сальмурзаев М.С. (2 сахьт).

Сальмурзаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Кхетаме Хьамид» дийцар. Дийцаран мехалла. Дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а.

Нажаев А. И. (2 сахьт).

Нажаев Ахьмадан дахар а, кхолларалла а. «Жа1у» поэма. Поэмин коьрта чулацам а, маь1на а. Авторан 1алашо а, поэмин д1ах1оттам а.

Айсханов Ш. К. (3 сахьт).

Айсханов Шамсуддин дахар а, кхолларалла а. «Орга», «1а» стихотворенеш. «К1айн котам» дийцар. Дийцаран меттан башхаллаш.

Бадуев С.-С. С. (8 сахьт).

Бадуев Саь1ид-Салихьан дахар а, кхолларалла а. Бадуев а, къоман театр а.

Бадуев Саь1ид-Салихьан поэтически кхолларалла. «Паччахьан заманна», «Лам», «Марг1алан синтаре» стихотворенеш. Бадуев Саь1ид-Салихьан оьрсийн яздархощца хилла доттаг1аллин а, кхоллараллин а уьйраш. Бешто» повесть. Повестан тема а, д1ах1оттам а. Васташ кхолларан башхаллаш. «Бешто» повесть. Бештой, Бусаний. «Ц1еран арц» повесть. Авторан 1алашо а, повестан д1ах1оттам а. Кулдевич а, цунна т1аьхьабозурш а. «Ц1еран арц» повесть. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Повестан маь1на.

Мамакаев 1. Ш. (5 сахьт).

Мамакаев 1аьрбин дахар а, кхолларалла а. Мамакаев 1аьрбин лирика. «Кавказан латта», «Сайн к1анте», «Йо1е», «Даге» стихотворенеш.

«Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. Поэмин д1ах1оттам. Поэми т1ехь безам а, доттаг1алла а. Поэмин эпический, лирический чулацам. Авторан васт.

Хамидов 1.-Хь. Х. (7 сахьт).

Хамидов 1абдул-Хьамидан дахар а, кхолларалла а.

Дийцарш. «Д1а-коч, схьа-коч», «Абубешар», «Г1ирмасолтас яьккхина са», «Дурдий, Даргий» дийцарш.

Пьесаш. «Т1ам сийна кхокха», «Ламанан йо1», «Мохсолтин доьхна де», «Бож-1ела» пьесаш. «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Пъесин тема, жанр, д1ах1оттам. Хьалхара дакъа. Ханпаший, Мутий. Ханпаша а, цуьнан накъостий-б1аьхой а. «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Шолг1ий, кхоалг1ий дакъош. Тыл а, фронт а. Дерриге а фронтана.Немцойн блиндажехь. Турпалхой леш бац.

Х1инцалера нохчийн литература

Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш. Проза. Драматурги. Поэзи (1 сахьт).

Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи (1 сахьт).

Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи (1 сахьт).

Хьалха д1яханчу хенахь оьрсийн, вайнехан вовшашца хилла машаре уьйраш литературехь гайтар (1 сахьт).

Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи (1 сахьт).

Къамел кхиор (16 сахьт).

Дерриг – 68

## УьссалгIачу классехь нохчийн литература хьехаран шеран рузманан хьесапаш

«Нохчийн литература», 9-чу классана хрестомати. Соьлжа-Г1ала – 2007. Эжаев У., Эжаева Р.

«Нохчийн литература», 9-чу классана 1амат. Грозный - 2008. Арсанукаев I. М.

Сахьтийн барам: шарахь–68 кIиранах–2

Кхолларалин белхийн барамаш:

| Сочиненийн барам: | Изложенийн барам: |
|---|---|
| шарахь–4 | шарахь–4 |
| хьалхарчу четвертехь–1 | хьалхарчу четвертехь–1 |
| шолгIачу четвертехь –1 | шолгIачу четвертехь–1 |
| кхоалг1ачу четвертехь–1 | кхоалг1ачу четвертехь–1 |
| йоьалг1ачу четвертехь–1 | йоьалг1ачу четвертехь–1 |

| РогIалла | Чулацам | Сахьт | Цхьаь бан болх | Хан: Йог1у хан | Хан: Карара хан |
|---|---|---|---|---|---|
| **Хьалхара четверть – 16 сахьт** | | | | | |
| Нохчийн халкъан барта кхолларалла | | | | | |
| 1. | Нохчийн халкъан барта кхолларалла а, цуьнан тайпанаш а. | 1 | 1. 5-7 аг1. | 06.09. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 2. | Оьрсийн яздархоша а, 1илманчаша а нохчийн барта кхолламаллех лаьцна яздинарг. | 1 | 1. 57-60 аг1. | 08.09. | |
| 3. | Нохчийн халкъан туьйранаш. | 1 | 1. 7,8 аг1.<br>Х. 4-62 аг1. | 13.09. | |
| 4. | Нохчийн халкъан шира дийцарш, хабарш, аларш. «К1ирдан б1аьвнаш», «Хьекъал долу зуда», «Ненан б1аьрхиш» дийцарш. | 1 | 1. 9-17 аг1. | 15.09. | |
| 5. | «Галанч1ожара 1ам», «Наьрт-аьрстхой», «Молла-Несартан хабарш» дийцарш. | 1 | 1. 18-20 аг1. | 20.09. | |
| 6. | Нохчийн халкъан эшарш. | 1 | 1. 20-25 аг1.<br>Х. 70-86 аг1. | 22.09. | |
| 7, 8. | «Ненан б1аьрхиш» изложени язъяр. | 2 | 1. 14-18 аг1. | 27.09.<br>29.09. | |
| 9. | Нохчийн халкъан кицанаш. Нохчийн халкъан х1етал-металш. | 1 | 1. 26-27 аг1.<br>Х. 220-253 аг1. | 04.10. | |
| 10. | Лирически а, турпалаллин а иллеш. | 1 | 1. 27-33 аг1.<br>Х. 88-218 аг1. | 06.10. | |
| 11. | «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Адин Сурхо – халкъан турпалхо. Сурхон нана. | 1 | 1. 33-36 аг1.<br>Х. 88-97 аг1. | 11.10. | |
| 12. | «Теркаца хьала-охьа вехаш хиллачу эла Мусостан, Адин Сурхон илли». Иллин цхьайолу исбаьхьаллин башхаллаш а, т1аьхьара дош а. | 1 | 1. 36, 37 аг1.<br>Х. 88-97 аг1. | 13.10. | |
| 13. | «Аьккхийн Жанхотан илли». Иллин чулацам а, д1ах1оттам а. Иллин турпалхой. | 1 | 1. 38-47 аг1.<br>Х. 98-137 аг1. | 18.10. | |
| 14. | «Аьккхийн Жанхотан илли». Илли т1ехь къаьмнийн доттаг1аллин тема. Иллин маь1на. | 1 | 1. 47-50 аг1.<br>Х. 98-137 аг1. | 20.10. | |
| 15 | «Нохчийн халкъан иллешкахь ненан васт» сочинени язъяр. | 2 | 1. 37, 38,<br>46-48 аг1. | 25.10. | |
| 16 | Халкъан илланчаш. | 1 | 1. 50-56 аг1. | 27.10. | |
| | Назманаш. | 1 | 1. 60-63 аг1. | | |
| **Шолг1а четверть – 16 сахьт** | | | | | |
| Нохчийн литература | | | | | |
| 17, 18. | Йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература а. Нохчийн йозанан историх лаьцна. | 2 | 1. 64-66 аг1. | 08.11.<br>10.11. | |
| 19, 20. | Йоза кхолладалар а, исбаьхьаллин литература а. Исбаьхьаллин литература. | 2 | 1. 67-69 аг1. | 15.11.<br>17.11. | |
| 21, 22. | «Нохчийн литература кхиарехь «Серло» газетан мехалла» сочинени язъяр. | 2 | 1. 64-69 аг1. | 22.11.<br>24.11. | |
| Къоман исбаьхьаллин литература йолийнарш | | | | | |
| 23. | Дудаев 1абдин дахар а, кхолларалла а. «Серло т1еузур вай къоламца хьостуш» стихотворени. | 1 | 1. 70-72 аг1. | 29.11. | |
| 24. | «Стоьмийн беш», «Ма г1ертал, колхозхо, сан бахамна юкъа» стихотворенеш. Цхьадолу жам1аш. | 1 | 1. 72-75 аг1. | 01.12. | |
| 25. | Сальмурзаев Мохьмадан дахар а, кхолларалла а. «Кхетаме Хьамид» дийцар. Дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 1. 75-78 аг1.<br>Х. 243-255 аг1. | 06.12. | |
| 26. | «Кхетаме Хьамид» дийцар. Дийцаран мехалла. | 1 | 1. 75-78 аг1.<br>Х. 243-255 аг1. | 08.12. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 27, 28. | «Нохчийн къехочун доьзалан дахар» изложени язяр. | 2 | 1. 75-78 аг1.<br>Х. 243-255 аг1. | 13.12.<br>15.12. | |
| 29. 30. | Нажаев Ахьмадан дахар а, кхолларалла а. «Жа1у» поэма. Поэмин коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 1. 78-82 аг1.<br>Х. 03-34 аг1. | 20.12.<br>22.12. | |
| 31. 32 | «Жа1у» поэма. Авторан 1алашо а, поэмин д1ах1оттам а. | 1 | 1. 81, 82 аг1.<br>Х. 04-34 аг1. | 27.12.<br>29.12. | |
| **Кхоалг1а четверть – 20 сахьт** | | | | | |
| 33. | Айсханов Шамсуддинан дахар а, кхолларалла а. «Орга», «1а» стихотворенеш. | 1 | 1. 85-88 аг1.<br>Х. 34-42 аг1. | 12.01. | |
| 34. | «К1айн котам» дийцар. Дийцаран меттан башхаллаш. | 1 | 1. 85-88 аг1.<br>Х. 43 73 аг1. | 17.01. | |
| 35. | «К1айн котам» дийцар. Дийцаран коьрта чулацам а, маь1на а. | 1 | 1. 85-88 аг1.<br>Х. 43-73 аг1. | 19.01. | |
| 36. | Бадуев Саь1ид-Салихьан дахар а, кхолларалла а. Бералла а, дешаран шераш а. Яздан волавалар. | 1 | 1. 89-94 аг1.<br>Х. 74-77 аг1. | 24.01. | |
| 37. | Бадуев а, къоман театр а. | 1 | 1. 94-97 аг1. | 26.01. | |
| 38. | Бадуев Саь1ид-Салихьан поэтически кхолларалла. «Лам» стихотворени. Бадуев С. оьрсийн яздархошца хилла доттаг1аллин а, кхоллараллин а уьйраш. | 1 | 1. 97, 98,<br>122-124 аг1.<br>Х. 144,145 аг1. | 31.01. | |
| 39. | «Бешто» повесть. Повестан тема а, д1ах1оттам а. Васташ кхолларан башхаллаш. | 1 | 1. 98-105 аг1.<br>Х. 97-144 аг1. | 02.02. | |
| 40. | «Бешто» повесть. Бештой, Бусаний. | 1 | 1. 106-109аг1.<br>Х. 97-144 аг1. | 07.02. | |
| 41, 42. | «Бештон дагна хилла чевнаш» изложени язъяр. | 2 | Х. 142,143 аг1. | 09.02.<br>14.02. | |
| 43. | «Ц1еран арц» повесть. Авторан 1алашо а, повестан д1ах1оттам а. Кулдевич а, цунна т1аьхьабозурш а. | 1 | 1. 110-117 аг1.<br>Х. 78-97 аг1. | 16.02. | |
| 44. | «Ц1еран арц» повесть. Хонмурд а, цуьнан доьзал а. Повестан маь1на. | 1 | 1. 117-122 аг1.<br>Х. 78-97 аг1. | 21.02. | |
| 45. | Бадуев Саь1ид-Салихьан кхоллараллин мехалла. | 1 | 1. 124-126 аг1. | 23.02. | |
| 46. | Мамакаев 1аьрбин дахар а, кхолларалла а. Мамакаев 1аьрбин кхоллараллин башхаллаш. | 1 | 1. 127-131 аг1.<br>Х. 152, 153 аг1. | 28.02. | |
| 47. | Даймахках ойланаш. «Кавказан латта», «Сайн к1анте» стихотворенеш. 1аламан, безаман лирика. «Йо1е», «Даге» стихотворенеш. | 1 | 1. 131-134,<br>140-144 аг1.<br>Х. 153-165 аг1. | 02.03. | |
| 48. | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. Поэмин д1ах1оттам. Поэми т1ехь безам а, доттаг1алла а. | 1 | 1.149-155 аг1.<br>Х. 166-199 аг1. | 07.03. | |
| 49. | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэма. Поэмин эпический, лирический чулацам. Исбаьхьаллин суртх1отторан г1ирсаш. | 1 | 1. 155-159 аг1.<br>Х. 166-199 аг1. | 09.03. | |
| 50, 51. | «Нохчийн лаьмнашкахь» поэми т1ехь авторан васт» сочинени язъяр. | 2 | 1. 149-159 аг1.<br>Х. 166-199 аг1. | 14.03.<br>16.03. | |
| 52. | Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом болчу хенахь язйина произведенеш. | 1 | 1. 134-140 аг1.<br>Х. 166-199 аг1. | 21.03.<br>23.03. | |
| **Йоьалг1а четверть – 16 сахьт** | | | | | |
| Х1инцалера нохчийн литература | | | | | |
| 53. | Хамидов 1абдул-Хьамидан дахар а, кхолларалла а. | 1 | 1. 160-164 аг1. | 04.04. | |
| 54. | «Д1а-коч, схьа-коч», «Абубешар», «Г1ирмасолтас яьккхина са», «Дурдий, Даргий» дийцарш. | 1 | 1. 164-168 аг1. | 06.04. | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 55. | «Т1ам сийна кхокха», «Ламанан йо1», «Мохсолтин доьхна де», «Бож-1ела» пьесаш. | 1 | 1. 168-176 аг1. | 11.04. | |
| 56, 57. | «Абубешар» изложени язяр. | 2 | 1. 166 аг1о. | 13.04. 18.04. | |
| 58. | «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Пъесин тема, жанр, д1ах1оттам. Хьалхара дакъа. Ханпаший, Мутий. Ханпаша а, цуьнан накъостий-б1аьхой а. | 1 | 1. 176-182 аг1. Х. 249-298 аг1. | 20.04. | |
| 59. | «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Шолг1а дакъа. Тыл а, фронт а. Дерриге а фронтана! | 1 | 1. 182-186 аг1. Х. 249-298 аг1. | 25.04. | |
| 60. | «Лийрбоцурш» – турпалаллин драма. Кхоалг1а дакъа. Немцойн блиндажехь. Турпалхой леш бац. | 1 | 1. 187, 188 аг1. Х. 249-298 аг1. | 27.04. | |
| 61, 62. | «Оьздачу стегаг васт» сочинени язъяр. | 2 | Исбаьхь. лит. | 04.05. 11.05. | |
| 63. | Къоман литература 20-чу б1ешеран 20-40-чуй шерашкахь кхиаран жам1аш. Проза. Драматурги. Поэзи. | 1 | 1. 189, 190 аг1. | 16.05. | |
| 64. | Нохчийн литература Сийлахь-боккха Даймехкан т1ом лаьттинчу шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи. | 1 | 1. 191-198 аг1. | 18.05. | |
| 65. | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 50-70-чуй шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи. | 1 | 1. 198-208 аг1. | 23.05. | |
| 66. | Нохчийн литература 20-чу б1ешеран 80-90-чуй шерашкахь. Проза. Драматурги. Поэзи. | 1 | 1. 213,214 аг1. | 25.05. | |